

▲ Siveye dlo w

Aprè yon loraj oswa yon lòt dezaz natirèl, dlo nan rezèv piblik yo ak nan pwi prive gen dwa pa bon pou bwè. Si w resevwa dlo grasa yon sistèm apwovizyonman piblik, aprann konnen kimoun ki founisè w. Chèche okouran tout mizajou konsènan sekirite apwovizyonman nan dlo w, founisè oswa anplwaye leta ap difize.

Dlo ki sonb, ki gen odè oswa ki gen bagay k ap flote ladann **PA** fèt pou itilize. Dlo nan tiyo dlo, aparèy pou chofo dlo ak tank pou floche twalèt yo (pa bòl yo) gendwa san danje pou bwè **SI** valv ki konekte avèk kanalizasyon dlo prensipal la te gen tan fèmen anvan tanpèt la.

Pou dezenfekte dlo, sèvi ak **YOUN** nan metòd ki annapre yo :

- Bouyi a gwo bouyon pandan yon minit. Asire w anvan w bouyi l ke dlo a pa gen oken pyès kap flote ladann; **OSWA,**
- Ajoute 8 gout klorin likid (klorox) pa galon dlo klè oswa 16 gout pa galon dlo ki pa twò klè. PA sèvi ak klorox kay ki gen pafen oswa lòt engredyan pase " sodium ipoklorit " kòm yo gen dwa toksik ; **OSWA,**
- Ajoute tablèt pou pirifye dlo selon diriktiv sou pakè a.

Melanje konplètman e kite dlo a kanpe pandan 30 minit anvan w sèvi avè l.

▲ Rezèwa dlo ak pisin

Dlo ki nan aparèy pou chofo dlo a gendwa vin yon sous enpòtan pou w kapab jwenn dlo pou bwè ki pwòp. Pou kapab separe tank dlo cho a avèk tout lòt sous apwovizyonman dlo yo :

- (1) Fèmen van dlo prensipal la ki apwovizyone lakay ou.
- (2) Ouvri wobinè dlo cho oswa frèt ki pi wo nan tout kay la.
- (3) Etenn gaz oswa elektrisite ki rive nan tank la anvan pou w drene dlo a nan ka dijans.

Ou gendwa sèvi ak dlo pisin yo pou benyen, pou floche twalèt yo, elatriye, men pa bwè li ni kwit manje avèk li (eksepte si w pa gen lòt solisyon) poutèt prodwi chimik yo mette ladann pou trete dlo pisin yo.

▲ Si w sèvi ak dlo ki nan yon pwi-

Ekonomize tout dlo ou kapab, poutèt pwi a p ap ka mache lè gen pann kouran. Ranpli beynwa a ak dlo ou pral itilize pou floche watè a pandan yon pann kouran. Si pwi w inonde oswa domaje akòz siklòn la, konsidere li kontamine e pa sèvi avèk li jiskaske yo te floche l, dezenfekte l e apre yo te teste li pou wè si gen bakteri ladann.

Si w beznwe plis enfòmasyon sou fason pou dezenfekte yon pwo prive, ale nan www.ct.gov/dph/privatewells.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon,
ale nan : www.ct.gov/hurricane oswa rele 2-1-1

Depatman Sante Piblik Connecticut
410 Capitol Avenue
Hartford, CT 06134-0308

Depatman Jesyon Ijans ak Sekirite
nasyonal Connecticut
25 Sigourney Street
Hartford, CT 06106-5042



2-1-1



Èske w pare ?



Kòman pou pase siklòn ak lòt ijans san danje Enfòme w. Pare kò w.

Depatman sante piblik Connecticut
Depatman Jesyon Ijans ak Sekirite
nasyonal Connecticut

Pou plis enfòmasyon sou kòman pou prepare w,
vizite: www.ct.gov/hurricane oswa rele 2-1-1



2-1-1



▲ Siklòn gendwa danjre

Yon siklòn se yon tanpèt twopikal kote van yo ap sikile selon yon mouvman ki ale nan direksyon kontrè mouvman zegwi yon mont. Tònad gendwa parèt tou pandan yon siklòn. Sezon siklòn Rejyon Atlantik la kòmanse depi jen rive novanm, e peryòd ki gen pi risk kòmanse depi mwatye mwa dawout rive nan fen mwa oktòb.

Yo evalye fòs siklòn yo selon vitès van yo. Plis chif la wo, se plis dega van yo gendwa koze. Anplis de dega van yo kapab provoke, zòn ki tou pre litoral ak rivyè yo gen dwa inonde lè onn tanpèt la ap pase e gwo lapli tonbe.

Siklòn gendwa detwi kay ak biznis, kraze tout lavi yon moun e li gendwa tiye moun tou. Men kijan :



▲ Planifye & pare kò w

- Konnen kisa pou w fè e ki kote pou ale nan ijans.
- Fè yon plan pou konnen ki moun ki anchaj timoun piti, moun ki pwòch ou, vwazen ou ki gendwa gen anpil laj oswa ki gen bezwen espesyal ak ak ti bèt.
- Konnen wout evakyasyon akabri piblik nan sektè w ki w dwe evakye.
- Fè rezèv manje kip a perisab, dlo, medikaman ak materyèl premye swen.
- Achte yon radyo ak pil (bateri) e pil derechanj.
- Òganize yon twous vwayaj ki gen ladann manje, dlo, yon radyo ki mache ak pil, yon flach ak rezèv pou premye swen.
- Tcheke ak konpayi asirans w sou Pwogram Asirans Nasyonan Inondasyon depi ke asirans pwopriyete pa kouvri inondasyon pandan siklòn.



▲ Si gen yon siklòn k ap vini-

- Sekirize kay ou grasa " shòtè " kont tanpèt oswa playwoud e ranje tout bagay ki rete deyò.
- Si w gen yon bato, mete l an sekirite.
- Taye pye bwa ak bwousay ki toutotou lakay ou e netwaye rigòl drenaj ki bouche yo ansanm ak tiyo desant yo.
- Plen beynwa a ak dlo e kenbe refrijeratè a fèmen.
- Kenbe selilè yo chaje e evite sèvi avèk yo, eksepte lè gen ijans grav.
- Ranpli tank gaz machin ou e òganize twous ijans ou pou l tou pare si w bezwen ale touswit.
- Koute radyo a oswa televizyon pou kapab jwenn enfòmasyon.

▲ Evakye si-

- otorite leta yo mande w pou w evakye.
- ou rete nan yon woulòt (mobile home) oswa nan yon lojman tanporè.
- ou rete nan yon bilding ki gen anpil etaj. Van siklòn yo fò plis wotè a wo.
- ou rete sou lakòt oswa akote yon rivyè.

▲ If you cannot evacuate-

- Rete andedan lakay ou pandan siklòn la e pa rete akote fenèt ak pòt ki fèt ak vit.
- Fèmen tout pòt andedan kay la e ranfòse pòt ki bay sou deyò yo.
- Kenbe tout rido ak pèsyèn yo fèmen.
- Pa ale deyò si loraj la ap bese entansite; sa kapab sant siklòn la k ap pase e van yo gendwa rekòmanse apre sa.
- Jwenn yonabri nan yon ti pyès ki nan mitan kay la, nan yon amwa oswa nan yon koulwa sou etaj ki pi ba a.

